



Pou Piblikasyon Imedya: 08/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ÒGANIZE RETOU ATIZAY ESPEKTAK NAN NEW YORK AK
"NY POPSUP"**

Yon festival ekspansyon nan tout Eta ak evènman tanporè ki livre dirèkteman nan vi kotidyen Nouyòkè yo, k ap transfòme peyizaj New York ki deja egziste a an sèn pou espektak klas mondyal

Yo planifye plis pase 300 evènman tanporè nan tout senk minisipalite yo ak nan tout Eta New York la nan 100 jou

Yo tout ap fèt pa atis New York pou revitalize odyans New York ak rebay sektè divètisman an dirèk ki an difikilte a lavi

Festival la ta dwe sèvi kòm yon pon pou tout espektak an dirèk retounen san danje nan New York

Apati 20 fevriye

Evènman milti-disiplinè pou ogmante anplè, volim ak anprent jewografik atravè Jounen Tavay la

Logo NY PopsUp yo disponib [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman NY PopsUp - ki se yon festival san parèy epi ki vas ki prezante dè santèn espektak tanporè, anpil ladan yo gratis epi tout ouvè pou piblik la — ki pral kwaze ak lavi kotidyen Nouyòkè yo. Seri evènman sa a yo, gen entansyon revitalize lespri ak byennèt emosyonèl sitwayen New York yo avèk enèji espektak andirèk pandan y ap redemare sektè divètisman andirèk New York la, se yon patenarya prive/piblik sipèvize pa pwodiktè Scott Rudin ak Jane Rosenthal, an kowòdinasyon avèk Konsèy Atistik Eta New York la ak Empire State Development.

Festival la pral sèvi kòm yon "pwogram pilòt", K ap kreye premye modèl nan wo nivo eta a sou kòman pou retounen ak espektak andirèk san danje apre fèmte pwolonje sa ki gen rapò ak COVID. Pwogram NY PopsUp pral òganize pa atis entèdisiplinè Zack Winokur, an patenarya avèk yon konsèy konseye atistik ki reprezante divèsite sèn atizay espektak dinamik New York la. Yo pral lanse NY PopsUp samdi 20 fevriye ak epi li pral kontinye dewoule jouk nan Jounen Travay (Labor Day) la. Festival la pral atenn

somè li ak 20èm anivèsè Tribeca Film Festival ak Festival nan Little Island nan Pier 55, k ap pote kantite espektak total la a plis pase 1,000. NY PopsUp ap kowòdone an kowòdinasyon ak ofisyèl sante eta piblik yo epi yo pral estrikteman konfòme yo avèk pwotokòl Depatman Sante (Department of Health, DOH) COVID-19 yo.

"Vil yo te pran yon kou di pandan COVID la, epi ekonomi an pa pral retounen vit ase poukont li - nou dwe ramne li", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sinèji kreyatif yo enpòtan anpil pou vil yo siviv, epi endistri atizay ak endistri kiltirèl nou yo te fèmen nan tout peyi a, sa ki fè ravaj terib sou travayè yo ak ekonomi an. Nou vle vin agresif avèk re-ouvèti Eta a ak remete ekonomi nou an sou ray, epi NY PopsUp pral yon pon enpòtan nan re-ouvèti sal espekak ak enstitisyon klas mondyal nou yo nan yon sans ki pi laj. New York rete yon lidè pandan tout pandemi sa a, epi nou pral dirije yon lòt fwa ankò nan ramne atizay."

Evènman NY PopsUp pwodwi yo, anlès ke yo gratis, yo pral òganize nan tout kalite katye ak distri nan tout senk minisipalite nan Vil New York yo, nan tout Long Island ak pati rejyon Nò New York, ak nan tout rejyon nan eta a. Kòm reyalyte aktyèl COVID-19 yo fè rasanbleman an mas ak gwo evènman ki gen stil destinasyon yo enposib, NY PopsUp pral rankontre Vil New York ak rezidan Eta yo kote yo ye a, enjekte sipriz ak lajwa nan lavi kotidyen yo atravè espektak andirèk. Dè santèn evènman tanporè gratis, ki konstitye NY PopsUp la pral fè sèn peyizaj ki deja egziste nan New York, ki gen ladan estasyon transpò anblematik, pak, platfòm tren, mize, pak patinaj, kwen lari, eskalye sekou, pakin, vitrin magazen, ak sal nan pati nò yo, nan transfòme trajè chak jou, kominote lokal yo, ak kote yo pa te janm itilize pou espektak an twal defon enpresyonan epi pasyonan. Olye pou gen yon mas espektatè yon ti ponyen evènman, Festival sa a se yon mas evènman, yo chak pou yon 'ti ponyen' espektatè san danje epi an sekirite.

Pandan restriksyon COVID yo ap kòmanse desere, modèl ke NY PopsUp bati pou òganize evènman an sekirite san danje a pral ouvri wout pou re-ouvèti sal fleksib miltidisciplinè ("sal fleksib") nan tout Eta New York pou ouvri epi patisipe nan Festival la. Sa yo pral premye espektak alanteryè depi pandemi an te kòmanse epi yo pral make yon moman enpòtan nan efò rekiperasyon New York la. Non sèlman evènman alanteryè sa yo pral yon senbòl nan lemonn antye ke New York retounen, yo pral tou yon etap kle nan pwosesis long pou fè dè dizèn milye pwofesyonèl atistik toupatou nan Eta New York retounen travay; ak yon pon pou atenn Broadway ak tout mond kiltirèl New York ki ouvri a. Sal Fleksib sa yo se espas espektak ki etabli san syèj fiks epi konsa yo kapab adapte ak distans sosyal. Kèk egzans nan sal sa yo ta gen ladan SHED la, Apollo a, Harlem Stage, La MaMa, ak Teyat Opera Alice Busch Festival Glimmerglass la. Tout evènman alanteryè yo pral swiv estrikteman konsèy sante piblik ak sekirite Depatman Sante a.

"Lefèt ke gen atis ki fè apèl ak lòt atis kòm yon mwayen pou bati jeyan kominote kreyatif festival sa a pral ankouraje opòtinite pou kolaborasyon robis, solid, ak entim ki pa ta janm rive posib otreman. Kòm rezilta, travay yo prezante a pral reprezante yon seri prèske ilimite, k ap konfwonte estil, disiplin, ak opinyon diferan pou enfilte lavi kotidyen Nouyòkè yo nan yon fason ki reyèlman etonan epi ki san parèy", **Zack Winokur te**

deklare. "Alafen, Festival sa a se konsènan pou sèvi avèk atizay kòm yon mwayen pou retabli koneksyon ant moun. Avèk NY PopsUp, pa gen okenn fòs medyatè ant atis ak atis, oswa atis ak odyans lan. Li se moun ki an kontak dirèk youn ak lòt, epi kontèks moman patikilye sa a pral fè koneksyon sa ankò plis pwofon."

Konsèy konseye atistik yo, ki ap kolabore ak ko-òganize NY PopsUp la, li konpoze ak yon gwoup inik vizyonè atistik prensipal New York, yo tout soti nan diferan orijin disiplinè epi yo chak se yon lidè nan pwòp domèn pa yo. Konseye sa yo gen responsabilite pou envite lòt atis pou rantre nan kominote NY PopsUp la. Atis yo angaje yo pral, an retou, angaje pwòp rezo pa yo, k ap finalman ranpli festival la ak moun ak kowalisyon espektatè ki pi laj epi pi divès ki janm ini alantou yon misyon inik. An brèf, se atis k ap bati NY PopsUp nan mande atis yo patisipe.

Konsèy la gen ladan koregraf renome ak MacArthur Fellow, Kyle Abraham; mizisyen djaz ke yo nome twa fwa pou Grammy Award, Jon Batiste; koregraf ak dansè klakèt loreya Hooper Award Ayodele Casel; chantè, aktè, ak atis (star) opera entènasyonal yo nome pou Grammy Award, Anthony Roth Costanzo; otè Save Play la, teyat ki pi nome nan istwa Tony Award la, Jeremy O. Harris; senograf loreya nan Tony Award Mimi Lien; mizisyen lejand ki loreya nèf fwa nan Grammy Award, Wynton Marsalis; powèt, eseyis, ak otè pyès teyat loreya de fwa nan National Book Critics Circle Award, Claudia Rankine; chantè djaz loreya nan Grammy Award, Cécile McLorin Salvant; manm dirijan nan Punch Brothers epi kat fwa loreya Grammy Award, Chris Thile; ekriven, komedyen, ak aktè aklame "Saturday Night Live", Julio Torres; ak direktè ak mizisyen aklame, Whitney White.

Piblik la pral rankontre yon seri atis ki reprezante tout domèn espektak - soti nan teyat rive nan dans, soti nan pwezi rive komedi, soti nan mizik pòp rive nan opera, ak anpil ankò. Pami atis yo konfime yo gen Hugh Jackman, Renée Fleming, Amy Schumer, Alec Baldwin, Chris Rock, Matthew Broderick, Sarah Jessica Parker, Isabel Leonard, Nico Muhly, Joyce DiDonato, John Early ak Kate Berlant, Patti Smith, Mandy Patinkin, Raja Feather Kelly, J'Nai Bridges, Kenan Thompson, Gavin Creel, Garth Fagan, Larry Owens, Q-Tip, Billy Porter, Conrad Tao, Bobbi Jene Smith ak Or Schraiber, Tina Landau, Rhiannon Giddens, Aparna Nancherla, Anthony Rodriguez, Jonathan Groff, Savion Glover, Dormeshia Sumbry-Edwards, Chris Celiz, Christine Goerke, Kelli O'Hara, Dev Hynes, Phoebe Robinson, Sara Mearns, George Saunders, Caleb Teicher, Danielle Brooks, Jeremy Denk, Idina Menzel, Sondra Radvanovsky, Gaby Moreno, Davóné Tines, Jerrod Carmichael, Taylor Mac, Sutton Foster, Jessie Mueller, ak Courtney ToPanga Washington, pou mwen site sa yo sèlman. Evènman yo pou tèt pa yo pral deklannche kolizyon imajinè nan diferan fòm atizay.

Mesye Rudin ak Madam Rosenthal te deklare, nan yon deklarasyon konjwen, "Kòm de Nouyòkè pandan tout dire lavi nou, lse totalman devastè pou wè kominote kreyatif nou an te kanpe nèt pandan yon ane. Li enkonsevab. Nou tout de pase lavi nou ap pwodwi opòtinite pou atis yo, kidonk nou tou de kontan paske Gouvènè Cuomo te mande nou pou eseye deklannche yon etensèl pou bay atizay ak espektak lavi pou Eta a. Antouzyas pasyone chak moun nou te mande pou rejwenn nou nan ankourajman sa

a ki pral fè sa yon travay alafwa renmen ak envansyon. Se yon onè pou nou dirije kanpay sa a. Franchman, espwa ki pi pwofon nou se ke nan moman NY PopsUp abouti nan Jounen Travay la, New York pral konplètman sou wout pou yo re-ouvri ak revitalize e ke inisyativ sa a, li atenn objektif li, li pa pral nesesè ankò. Se etensèl la, se pa dife a -- dife a se retou konplè a tout sektè atizay la, nan tout bèl glwa li, kanpe jan yo toujou te konn kanpe pou yon lavi ki rich ak emosyonèl vil la ak eta kote nou tou de ap viv la".

Pandan dewoulman festival la, NY PopsUp pral ogmante anplè li, volim espektak, ak anprent jeyografik li, ak evènman nan tout Eta New York, soti nan Bronx rive nan Staten Island, soti nan Buffalo rive nan Konte Suffolk, soti nan Hudson Valley rive nan Capitol la.

NY PopsUp pral atenn somè li pandan ete a, pandan nou pral selebre alafwa 20èm anivèsè Tribeca Film Festival (9 jen jiska 20 jen) ak ouvèti youn nan pwojè New York ke yo plis rete ap tann yo: Little Island (jen).

Tribeca Film Festival la te fonde pa Rosenthal ak Robert DeNiro swit apre 11/09 pou revitalize Lower Manhattan. Tribeca te vin senbolize fleksibilite Nouyòkè yo, enpòtans kominote atistik nou yo, ak enpak yo sou aktivite ekonomik vil nou an. 20èm evènman ane sa a pral premye festival fim an pèsòn nan tout Amerik di Nò a an antye depi lè pandemi an te kòmanse ki akeyi sineyas ak premye li yo devan yon odyans andirèk. Avèk plis pase 300 evènman ak biyè epi san biyè, festival fim nan pral pwojeksyon, diskisyon panèl, konsè, ak plis ankò, nan pak yo, sou waf yo, nan batiman yo, ak sou baj yo. Tribeca pral atenn tout senk minisipalite yo nan selebrasyon lespri New York ak yon selebrasyon sware kloti Juneteenth.

Lide pou Little Island, yon pak biklik ki inik pou fason li ki pral ouvri byento nan Hudson River a ki melanje lanati ak atizay, yo te imajine li kòm yon solisyon pou fè reparasyon ak pou revitalize West Side New York la apre destriksyon Siklòn Sandy a te fè. Yon pwojè Diller - von Furstenberg Family Foundation, sa se yon lòt egzanp sou pouvwa inik atizay pou revitalize New York swit apre kriz la. Little Island, ki pral kòmanse òganize espektak nan mwa jen an, pral sèvi kòm yon kay pèmanan, pandan tout ane a pou pwogram miltidisciplinè ki aksesib fasilman, epi li pral kontinye reyini atis ak odyans pou lontan apre NY PopsUp fin òganize espektak final li a. Little Island pral òganize pwòp festival li, Festival nan Little Island lan, an konjonksyon avèk semèn final NY PopsUp yo. Festival la nan Little Island, k ap kòmanse nan dat 11 out 2021 epi dewoule jiska 5 septanm, pral òganize an mwayèn 16 evènman chak jou, pou yon total 325 espektak pa apeprè 500 atis.

Yo pral anonse plis detay sou NY PopsUp byento. Tanpri sonje ke, lè yo teni kont de nati enpwovize ak eleman sipriz nan fòm tanporè a, se pa tout espektak ke yo pral anonse davans. Tanpri swiv @NYPopsUp sou Twitter ak Instagram pou mizajou.

Premye pèfòmans yo pral gen ladan, pami lòt ke yo toujou gen pou anonse, bagay sa yo:

Apati samdi 20 sevriye (Jounen Ouvèti), manm konsèy atis yo pral dirije yon espektak nan Javits Center kòm yon omaj espesyal pou travayè swen sante nou yo. Espkrtak lan pral prezante Jon Batiste, Anthony Roth Costanzo, Cecile McLorin Salvant, Ayodele Casel, ak lòt envite espesyal ki mete fòs yo ansanm pou yon espektak an dirèk ki inik nan fason pa li.

Pandan tout jounen an, pèfòmè yo pral vwayaje toupatou nan Vil New York, pou rankontre odyans nan divès kote nan tout senk minisipalite nan lakou yo, lye travay yo, pak yo, ak kwen lari yo, nan tras lye yo tankou, Flushing Post Office, Elmhurst Hospital, ak St Banabas Hospital. Samdi pral fini ak youn nan siyati Jon Batiste Love Riots (Lanmou Revòlt) k ap kòmanse nan Walt Whitman Park epi k ap fini nan Golconda Playground nan Brooklyn.

Dimanch 21 fevriye, konpayi koregraf lejandè Garth Fagan pral dirije yon espektak espesyal nan MAGIC Spell Studios nan Enstiti Teknoloji Rochester (Rochester Institute of Technology, RIT) kòm yon omaj pou anplwaye yo ki te fè li posib pou RIT rete ouvè epi san danje pandan pandemi COVID-19 la.

Nan yon deklarasyon, Mesye Fagan te deklare, "Mwen sonje avèk anpil fyète ak plezi mwen te resevwa yon Prim Atizay Gouvènè NYS nan men Gouvènè Mario Cuomo ak Matilda madanm li an 1986. Li apwopriye ke pandan sezon 50èm anivèsè nou an, nou travay avèk pitit gason yo, Gouvènè Andrew Cuomo ak Eta New York pou revitalize maji espektak an dirèk nan Rochester, NY, k ap onore an menm tan travayè esansyèl RIT nou yo ke yo pa anonse davans. Nou espere ke NY PopsUp kreye plis opòtinite pou atis nan Eta New York yo nan mwa kap vini yo!"

ALSO:

Patti Smith ap pèfòme nan Mize Brooklyn nan memwa desè Robert Mapplethorpe.

Patenarya ak "Works & Process" (Travay & Pwosesis) nan Guggenheim a, ki pral mennen nouvo espektak briyan yo odela wotond selèb la nan lye alantou minisipalite yo. Kolaborasyon sa yo gen ladan im George Gershwin nan Vil New York, Rhapsody in Blue, ki entèprete pa pwòp pyanis ak konpozitè New York, Conrad Tao, ak nouvo koregrafi pa Caleb Teicher; Missing Element (Eleman ki Manke a), yon kolaborasyon beatboks ak dans lari, ki prezante "Invertebrate" (Envètebre) de Chris Celiz ak Anthony Rodriguez; ak Masterz at Work Dance Family k ap pèfòme yon nouvo dans pa koregraf Courtney ToPanga Washington.

Yon seri espektak nan vitrin magazen, ki anplifye nan lari a, pa atis Gavin Creel, J'Nai Bridges, Davóne Tines, Bobbi Jene Smith, Or Schraiber, ak plis ankò.

Yon nouvo emisyon radyo an dirèk anime pa Chris Thile, ki emèt depi pant yo toupatou nan Eta New York, soti nan Brooklyn ak East Village rive nan tras Empire State Plaza Albany yo anfas batiman Capitol la.

Yon seri espektak dinamik ak patisipatif ki te kreye pa Ayodele Casel ap pran plas nan sal dakèy mize gratis yo nan tout vil New York, ki gen ladan Mize Brooklyn lan ak Mize Queens lan.

NY PopsUp, Tribeca Film Festival la, ak Festival la nan Little Island yo tout ansanm pral totalize de plis pase 1,000 espektak nan Eta New York ant 20 fevriye ak Jounen Travay la, k ap siyale yon evènman inegal nan anplè li ak san rival nan dimansyon li.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)